

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Arus modernisasi kiwari ngabalukarkeun ayana parobahan dina tata kahirupan masarakat. Parobahan nu aya museur kana krisis moral, krisis karakter jeung krisis ahlak. Moral, karakter jeung ahlak miboga harti anu méh sarua. Nurutkeun *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (1996, kc. 150) moral didefinisikeun minangka ajaran ngeunaan hadé goréng. Karakter miboga harti minangka gambaran kapribadian sacara gembler ti hiji jalma anu ngawengku mentalitas, sikep, jeung paripolah (Samsuri dina Barnawi & M. Arifin, 2012. Kc. 20). Anapon ahlak miboga harti minangka tabéat atawa watek. Ieu krisis moral, krisis karakter jeung krisis ahlak téh dipiharep bisa dikurangan ku ayana lembaga pendidikan minangka salah sahiji sarana nu bisa numuwuhkeun jiwa-jiwa nu hadé. Éta hal lantaran dina lembaga pendidikan aya pangajaran anu matalikeun antara moral, karakter, ahlak jeung kahirupan salah sahijina nya éta dina pangajaran sastra.

Sastra sabenerna aya dina hubungan antara kabébasan kréasi pangarang jeung hubungan sosial. Ayana hubungan antara kabébasan kréasi pangarang jeung hubungan sosial némbongkeun yén sastra bisa dijadikeun salah sahiji sarana pikeun ngarobah kaayaan sosial masarakat, lantaran dina sastra loba kaunggulan rupa-rupa ajén luhung anu bisa dijadikeun picontoeun jeung pieunteungeun. Ieu hal luyu jeung pamadegan Wellek & Warren (1989, kc. 3) anu nétélakeun yén sastra téh hiji kagiatan kreatif, hiji karya seni. Karya seni sorangan bisa dihartikeun prosés kreatif pikeun nyiptakeun hiji hal anu mibanda ajén linuhung.

Nepi ka abad XX ayeuna geus kapanggih rupa-rupa sastra heubeul utamana sastra lisan saperti carita pantun, carita wayang, mantra kawih, jeung dongéng (Ruhaliyah, 2002, kc. 6). Salah sahiji sastra lisan nu masih kénéh hirup di masarakat Sunda kiwari nya éta dongéng. Dongéng bisa dihartikeun minangka carita prosa rahayat anu eusina dianggap henteu bener-bener kajadian. Dongéng

dicaritakeun utamana pikeun hiburan, sanajan aya ogé dongéng anu eusina nyaritakeun bebeneran anu euyeub ku ajén moral.

Sabenerna, dongéng lain carita anu sipatna hiburan wungkul. Tapi, carita anu aya patalina jeung atikan budi pekerti nu ngawengku pangajaran kadisiplinan, kapercayaan diri, jeung nu pangpentingna nya éta ayana muatan ahlak budaya. Ieu ahlak budaya jadi salah sahiji dadasar ngawangun karakter nu hadé. Lian ti éta, dongéng ogé bisa jadi salah sahiji sarana anu ngarojong kamekaran basa, kamekaran kognitif, kamekaran personalitas, jeung kamekaran sosial.

Tina pedaran anu geus ditétélakeun, ébréh pisan yén dongéng bisa jadi sarana *transformasi* ajén-ajén di masarakat. Dongéng umumna sumebar dina hiji komunitas masarakat sarta digolongkeun kana carita balaréa, sabab dongéng nu asalna ti saurang tuluy didongéngkeun deui sacara tatalépa, nepi ka éta dongéng jadi ciptaan jeung milik balaréa. Salah sahiji contona nya éta dongéng-dongéng nu sumebar di wewengkon Jawa Barat nu satuluyna didokuméntasikeun dina wangun buku kumpulan dongéng anu judulna *Sasakala Talaga Warna*. Dongéng téh miboga peranan penting jeung miboga ajén-inajén katut siloka anu jero, pikeun maluruh peran penting jeung silokana diperlukeun hiji panalungtikan anu jero tur daria.

Sababaraha panalungtikan ngeunaan dongéng anu geus dilaksanakeun nya éta: *Struktur Dongéng di Kacamatan Cikalong Wétan Kabupatén Bandung Barat dina Majalah Cupumanik* kénging Azhar Zakiah (020026), *Ajén Moral dina Buku Dongéng-dongéng Pakidulan Garut pikeun Bahan Pangajaran di Sakola* kénging Yusi Gusmiyanti (0807286), ieu panalungtikan ukur museur kana salah sahiji ajén nya éta ajén moral wungkul anu satuluyna dilarapkeun pikeun bahan pangajaran di SMP, *Inventarisasi Dongéng di Kacamatan Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun* kénging Habli Rohmat Hadid (0807286), ieu panalungtikan ukur museur kana inventarisasina wungkul, jeung *Analisis Semiotik Dongéng di Désa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis* kénging Andi

Sopandi, sarua jeung panalungtikan saméméhna, ieu panalungtikan ukur museur kana unsur semiotik jeung ajén-ajén anu nyampak dijerona wungkul.

Ébréh yén dongéng-dongéng anu geus ditalungtik sipatna dongéng anu aya dilapangan wungkul. Anapon dongéng-dongéng nu aya dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* sacara gembler can aya nu nalungtik, sabab dina dongéng-dongéng nu aya dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* dianggap miboga ajén-ajén anu luhung, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan ieu dongéng. Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjénna, nya éta dina ieu panalungtikan baris dipedar ngeunaan ajén-ajén *pendidikan karakter* anu nyampak satukangeun unsur struktural anu nyampak dina dongéng-dongéng nu aya dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna*. Hasil ieu panalungtikan satuluyna dilarapkeun dina bahan ajar maca pikeun SMP sangkan aya *transformasi* ngeunaan ajén-ajén luhungna. Upama disawang tina ambahanana ieu panalungtikan kawilang leuwih jembar batan panalungtikan-panalungtikan saméméhna. Lian ti éta, *pendidikan karakter* nu dipedar dina ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun salah sahiji cara pikeun ngungkulan krisis moral, krisis karakter, jeung krisis ahlak nu kiwari datang narajang masarakat Indonesia hususna masarakat Sunda. Éta masalah-masalah téh geus jadi masalah sosial nu nepi ka kiwari can kapanggih kumaha pijalaneunana.

Ku kituna ieu panalungtikan anu dijudulan “Kumpulan Dongéng *Sasakala Talaga Warna* pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP (Tilikan Struktural, *Pendidikan Karakter* jeung Sawangan Hirup Urang Sunda)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah

Masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan leuwih museur kana ajén-ajén *pendidikan karakter* anu nyampak dina dongéng-dongéng anu aya dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna*. Tina éta hal, tuluy hasil panalungtikan disusun sangkan bisa dijadikeun bahan ajar pikeun pangajaran maca di SMP.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung watesan masalah anu geus ditétélakeun, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap:

- 1) kumaha unsur struktural anu nyampak dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna*?
- 2) kumaha ajén *pendidikan karakter* jeung sawangan hirup urang Sunda nu nyampak dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna*?
- 3) naha hasil panalungtikan kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga sababaraha tujuan, nya éta:

- 1) ngadéskripsikeun unsur struktural anu nyampak dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna*;
- 2) ngadéskripsikeun ajén *pendidikan karakter* jeung sawangan hirup urang Sunda anu nyampak dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna*;
- 3) nyusun bahan pangajaran maca dongéng di SMP tina hasil analisis kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna*.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa méré gambaran ngeunaan tiori kasusastraan salaku sarana pikeun ajén-ajén anu boga peran ngawangun karakter masarakat anu makéna. Lian ti éta, ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban bahan pangajaran basa Sunda.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu kapaluruh dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) ngadéskripsikeun unsur struktural anu nyampak dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna*;
- 2) ngadéskripsikeun ajén *pendidikan karakter* jeung sawangan hirup urang Sunda anu nyampak dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* sangkan bisa dilenyepan tur dipaké dina kahirupan sapopoé;
- 3) ngadéskripsikeun hasil panalungtikan kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP.

1.6 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Dina Bab 1 didéskripsikeun bubuka nu ngawengku kasang tukang tina masalah nu baris di talungtik, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan boh anu ngawengku mangpaat teoritis boh mangpaat praktis, sarta raraga tulisan dina ieu skripsi.

Bab II didéskripsikeun rupaning tatapakan tiori nu ngawengku tiori ngeunaan dongéng, struktural, *pendidikan karakter* jeung bahan pangajaran maca.

Dina Bab III didéskripsikeun ngeunaan metodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan, anu ngawengku sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, metode panalungtikan, variabel jeung wangenan operasional, instrumén panaungtikan, jeung téhnik ngumpulkeun data.

Dina Bab IV didéskripsikeun ngeunaan hasil analisis struktural, jeung ajén *pendidikan karakter* tina unggal dongéng anu aya dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* anu satuluyna dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMP ku cara nyieun Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Anu pamungkas nya éta Bab V anu eusina ngadéskripsikeun kacindekan tina hasil analisis jeung saran atawa rékomendasi-rékomendasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.